

FÈY ENFÒMASYON - FAZ I
PWOGRAM SIBVANSYON LWA SOU PLAN SEKOU AMERIKEN AN (ARPA)

A. Objektif

Nan dat 11 mas 2021, Prezidan an te siyen Lwa sou Plan Sekou Ameriken an (ARPA). Seksyon 9901 ARPA a te amande Tit VI Lwa Sekirite Sosyal la pou ajoute atik 602 a, ki mete Fon Relans Fiskal Etatik Kont Kowonaviris la, epi atik 602 a mete Fon Relans Fiskal Lokal Kont Kowonaviris (ansanm Fon Relans Fiskal). Fon Relans Fiskal yo devlope epi ogmante sipò yo bay gouvènman sa yo pandan dènye ane a, tankou Fon Sekou kont Kowonaviris la (CRF).

B. Deskripsyon Jeneral

Vil Brockton lanse Demann pou Pwopozisyon sa a pou envite òganizasyon san bi likratif yo ak òganizasyon relijye yo ki elijib pou aplike pou Fon Relans Fiskal Lokal Kont Coronavirus la pou ede fè fas ak pandemi COVID-19 k ap kontinye a. Potansyèl kandida yo ta dwe byen li tout sa yo mande yo ak anpil atansyon. Kandida yo dwe konfòme yo ak tout lwa ak règleman federal, eta ak lokal yo ki anrapò ak Fon Relans Fiskal yo. Sa gen ladan l tout itilizasyon elijib jan 31 CFR Pati 35 lan defini l ak tout dispozisyon 2 CFR 200 ki aplikab yo. Se atik 602(c)(3) ak 603 (c) (3) nan Lwa sou Plan Sekou Ameriken an ki jere transfè fon vil Brockton ak soubenefisyè yo pou sa ki konsène soubenefisyè yo. Menm jan an tou, òganizasyon relijye yo dwe konfòme yo ak menm règleman yo anba 2 CFR 3474.15- Kontra ak òganizasyon relijye epi san diskriminasyon.

1. Kiyès ki ka aplike?

Òganizasyon san bi likratif ki fokalize sou Brockton, oswa yon òganizasyon ki egzante de taks sou revni federal epi ki dekri nan seksyon 501 (c)(3) nan Kòd Resèt Entèn nan (Internal Revenue Code), ak **òganizasyon relijye yo**. Epitou, **òganizasyon yo dwe genyen, oswa ap travay pou genyen yon nimewo aktif Dun ak Bradstreet (DUNS) epi anrejistre nan System Award Management (SAM) pou yo ka kalifye.** (<https://sam.gov/content/entity-registration>)

kandida a antanke soubenefisyè responsab fon federal la dapre CDFA #21.027 Pwogram Sibvansyon Lwa sou Plan Sekou Ameriken an (ARPA) pou Vil Brockton epi li dwe nan rapò Lwa sou Odit Inik lan. Sou benefisyè ki depanse plis pase \$750,000 nan fon federal la sijè ak Lwa sou Odit Inik lan. ou dwe ranpli evalyasyon pou risk yo mete a nan kad pwosesis kandidati a.

2. Konbyen fwa mwen ka aplike?

Vil Brockton angaje l pou l bay \$2,000,000 nan kad Relans Fiskal pou òganizasyon san bi likratif ak òganizasyon relijye yo kòm yon pati nan premye faz finansman pwogram sibvansyon an. **Montan maksimòm antite sa yo pral resevwa nan Faz I an se \$200,000.** Lè y ap bay li a, 25% nan finansman an pra l jwenn òganizasyon an; soubenefisyè a ap gen pou li bay rapò chak trimès, ki detaye aktivite pwojè yo pou yo ka resevwa dezyèm vèsman an (25%) (27 jen 2022), twazyèm vèsman an (25%) 3 oktòb 2022 ak dènye vèsman an (25%) (12 desanm 2022) (**gade kesyon 8 lan pou plis detay**).

3. Pou kisa mwen ka itilize finansman an epi kilè mwen dwe depoze kandidati mwen?

Yo bay yon kalandriye ak tout dat limit ki enpòtan yo. Yo bay konsiy depans yo tou ki di tout itilizasyon ki akseptab dapre ARPA. **Itilizasyon ki pa akseptab** yo gen sa yo ladan l:

- **Depo nan fon pansyon** - dapre la lwa a benefisyè yo pa ka sèvi ak Fon Relans Fiskal la pou depoze l nan nenpòt fon pansyon. Espesifikman, règ final pwovizwa a pa pèmèt yo sèvi ak asistans pou fè yon pèman nan sistèm pansyon an si:
 - Pèman an diminye yon responsablite ou te genyen anvan kòmansman ijans sante piblik COVID-19 la;
 - Pèman an pa fèt nan dat regilye benefisyè yo genyen pou fè pèman sa yo.
- **Fon yo pa ka itilize pou konpanse yon rediksyon nan valè fiskal nèt la.**
- Lòt restriksyon sou itilizasyon - pèman ki soti nan Fon Relans Fiskal yo dwe an konfòmite ak limit ki deja egziste ki nan lòt lwa ak règleman federal yo epi yo pa ka itilize tankou fon non-Federal pou lòt pwogram federal ki gen lwa oswa règleman ki entèdi itilizasyon fon federal pou satisfè kondisyon yo.

4. Kòman pou m depoze kandidati mwen?

Y ap bay lyen **pòtay** sitwèb Vil la ak enstriksyon detaye sou fason pou w konekte epi gen aksè pou w depoze kandidati an. Lis verifikasyon kandidati yo bay la di tout dokiman ki nesèsè kandida yo dwe bay.

5. Kilè y ap analize kandidati mwen an epi kòman pwosesis la ye?

Yon komite revizyon ki gen yon manm nan Depatman Finans lan, nan Biwo Majistra a ansanm ak yon ajan lyezon ak kominote a ap evalye kandidati yo an fonksyon griy evalyasyon ki sou **pòtay** kandidati a

6. Kòman m ap fè konnen si yo aksepte m?

Òganizasyon san bi likratif la ak òganizasyon relijye an pral resevwa yon lèt rekonpans Majistra a ak Direktè Finansye a siyen. Anplis de sa, y ap bay yon pake dokiman sou rekonpans lan ki gen ladan l yon akò sibvansyon ki dwe revize epi ke òganizasyon san bi likratif la ak òganizasyon relijye a ap gen pou l siyen. Y ap aplike tout lwa eta a, federal ak lokal yo ki gen pou wè ak apwovizyonman.

7. Konbyen tan sibvansyon sa ap dire?

Peryòd travay pou faz I an **ap kòmanse 21 Fevriye 2022 pou fini 29 janvye 2023. Nan dat 29 janvye 2023** oswa anvan, tout soubenefisyè yo ap gen egzijans pou yo fè fèmti tout depans final yo epi bay tout depans ki fèt, tout resi, ak tout rapò sou sibvansyon yo bay ajan sibvansyon Vil la

8. Èske gen egzijans pou rapò yo?

Wi. Soubenefisyè a pral responsab pou bay yon rapò detaye chak trimès sou depans yo (lè y ap bay kòb la) ki esplike depans ki fèt ansanm ak objektif/rezon aktyèl aktivite pwojè yo, ak reyalizasyon prensipal yo nan delè yo bay nan pwosesis kandidati an. Pandan peryòd rapò a, soubenefisyè yo dwe bay tout pyès jistifikatif (fakti) ki gen rapò ak depans ki fèt yo.

9. Kisa k ap pase si mwen bezwen fè yon chanjman nan bidjè mwen an ak/oswa dimansyon sèvis mwen yo?

Peryòd rapò chak trimès yo pral bay soubenefisyè yo yon opòtinite pou yo fè chanjman nan bidjè a jan sa nesèsè, pandan y ap kontinye respekte kritè elijibilite yo. Si li nesèsè pou gen yon ajisteman bidjè pita, yo dwe voye yon lèt pou chanjman an bay kowòdonatè sibvansyon Vil Brockton an. Menm jan an tou, chanjman nan dimansyon sèvis yo dwe fèt pandan peryòd rapò chak trimès la, oswa yo dwe depoze yon lèt alekri bay kowòdonatè sibvansyon yo.

10. Kisa k ap pase si m pa respekte obligasyon yo?

Soubenefisyè ki pa respekte konsiy federal, eta a ak konsiy lokal yo ansanm ak egzijans rapò ki nan akò sa, ka pèdi kontra a epi yo ka oblije yo remèt fon an bay Vil Brockton. Anplis, tout kòb ki pa depanse ka retounen al jwenn Vil Brockton an. Si obligasyon yo pa respekte, sa pral lakòz sou benefisyè a pa elijib pou finansman sibvansyon a lavni nan kad Pwogram Sibvansyon Lwa sou Plan Sekou Ameriken (ARPA) pou Vil Brockton.

11. A kiyès pou m adrese m si m gen kesyon?

Nenpòt kesyon ou ka genyen anvan, pandan, oswa apre ou depoze kandidati w lan konsènan bon jan itilizasyon fon an, devlopman naratif, ak ranplisaj fòmilè yo, tanpri kontakte Paul oswa Jazmine.

Paul Umano, Analis Finansye

Vil Brockton

pumano@cobma.us

508-897-6815

Jazmine Bradsher, Direktè Sèvis Sosyal

Vil Brockton

jbradsher@cobma.us

508-580-7123